*Ассаламу гIалайкум !*

# ГЬУДУЛЛЪИ
Дружба

№1-2
**1 январь**
*2018 сон*



## ЦIияб сонгун, гьудулзаби !





М. М.ПАТХIУЛАЕВ,
***районалъул бетIер***

ХIурматиял районцоял!

Гьале регIана нилъеца 2017 сон ва дандчIвай гьабулеб буго ЦIияб 2018 соналде. Гьеб буго аралъул хIасилал гьарулеб ва букIинеселъул тIадеросиял къабул гьарулеб заман. Араб соналъе къимат кьолаго, нилъеца Аллагьасе щукру гьабизе ккола гьеб сон нилъ киналго балъгоял балагьаздаса ва къварилъабаздаса цIунун хут1иялъухъ. Гьединаб чIара-хьараб хIал букIиналъ рес кьуна нилъер халкъалъул социалияб рахъги районалъул экономикиябгун политикияб рахъги цебетIеялъе. Гьединго нилъ роххизаруна нилъер спортсменаз росарал тIадегIанаб даражаялъул бергьенлъабазги. Квешаб рахъалъ районалъул цIар рехсолел лъугьабахъиназдасаги цIунана нилъ Аллагьас.

Гьаб ЦIияб сонги баркулаго, бокьун буго киналго районцоязе гьаризе щулияб сахлъи, талихI, икъбал, цоцалъ гьуинлъи, даимаб рекъел ва роцIараб зоб.

**М.С. АЛХАСОВ,**
***ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат***

Хириял ракьцоял!

Нилъеца кIудияб кIварго кьоларо унел къоязде, соназде, амма гьеб кколаро календаралъул иргадулаб тIамач бегилъун, гьел руго нилъер гIумрудул роржунел санал.Узухъда, кинабго халкъалъе цого къагIидаялда гьеб унаро, букIун батила гьеб цо-цоязе талихIаблъун, кинабгIаги рахъалъ икъбал бугеблъун, цогидазе абуни, захIмалъи, къварилъи къавулъе рещтIараблъун. Нилъер диналъул вацазда гьоркьор гьединал ратани, кьеги Аллагьас гьезие щулияб иманги сабруги.

Районалъейин абуни, гьеб букIана халкъ социалияб ва хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ цIунараблъун, гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъараблъун.

Дицаги районалъул нухмалъулезги нижедаго бажараб хIалтIи гьабуна ва гьабизе ракIалдаги буго районалъул халкъалъул экономикиябгун социалияб рахъ лъикIлъизабиялъе.

Гьаб тIаде щвараб 2018 сонги батаги нилъее киназего гьабулелъулъ икъбал бугеблъун, талихI, рохел гьарзаяблъун, Аллагьас къварилъи-балагьаздаса цIунараблъун.



# ХАЛКЪАЛЪУЛ ХIИНКЪИГЬЕЧIОЛЪИ - КIВАР БУГЕБ СУАЛ

*ГIабдулдибир МухIамадназирович ГIабдулдибиров - хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ МР «Болъихъ район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместитель.*

*Жакъа ГIабдулдибир вуго районалъул «Гъудуллъи» газеталъул редакциялда гьоболлъухъ.*

*Гъоркьехун кьолеб буго гьесулгун букIараб гара-чIвари.*



***-ГIабдулдибир, гьале бегана календаралъул иргадулаб тIамач, ана г1умрудул цойги сон. ТIаде щвана араб соналъул хIасилалги бачIунеб соналъе тIадеросиялги гьабулел къоял.***

***Баркула дуда ЦIияб сон ва бокьилаан дуца бицине хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ кинаб букIараб 2017 сон нилъер районалъе.***

-Баркала. Нилъер район буго республикаялъул батIи-батIиял районазулги, Россиялъул цогидал регионазулги гIемерал миллатазул гIадамаз жаниб гIумру гьабулеб, мугIрузул районазда гьоркьоб бищун к1удияблъун рикIкIунеб район. Гьединаб районалда халкъалъул хIинкъигьечIолъи цIуни бигьаяб иш гьечIониги, ракIчIун абизе бегьула 2017 сон чIара-хьараб хIалалда анилан.

Аллагьасе рецц буго, гьеб соналда жаниб терроризмалда хурхараб лъугьа-бахьин районалда букIинчIо.

Руго районалда законалде данде кколарел яргъилал гIуцIалабазул гIахьалчагIиги гьезие кумек гьабулел гIадамалги. Гьединлъидал гIиси-бикъиналго такъсириял лъугьа-бахьинал камунги хутIулел гьечIо. Узухъда, гьелъ нижер рахIат хвезабунги буго.

***-Кин дуда кколеб, нилъ Аллагьас цIунилъунищ яги экстремизмалде ва терроризмалде данде къеркьеялъулъ гьабулеб хIалтIул хIасиллъунищ кколеб жакъа районалда бугеб гIодобиччай?***

-ТIоцебесеб иргаялда гьеб буго Аллагьасул гурхIел-рахIму.

Гьединаб ахIвал-хIал районалда цIуниялда сверухъ АТК-ялъ (терроризмалде данде къеркьеялъул комиссия) гьарулел тадбиразул сияхI кIудияб буго. Гьел киналго тадбирал хурхарал рукIана цебеккунго гIуцIараб АТКялъул планалда, районалда бугеб ахIвал-хIалалда ва кколел ругел лъугьа-бахьиназда. АТКялъ 2017 соналда жаниб тIобитIун буго анкьго заседание ва гьениб гьоркьоб лъун хал гьабун буго 13 суалалъул. Гьединго гIемер тIоритIула форумал, «Гургинал столал», дандчIваял, лекцияби, гара-чIвариял. Гьединал тадбиразда рихьизарула «ИГИЛ-бегство в никуда», «Плата за ошибки», «Экстремизм-угроза обществу» абурал темабазда слайдал, документалиял фильмаби. Гьелъул аслияб мурадги ккола экстремизмалъул ва терроризмалъул идеология мекъаб букIин бихьизаби. Гьебго мурадалда бакIалъулаб телевидениялъ бихьизабуна 45 передача, газеталда бахъана 27 макъала, администрациялъул «Антитеррор» сайталда лъун буго 12 материал.

Узухъда, гьеб кинабго хIалтIул хIасиллъунги ккола жакъа районалда бугеб гIодобиччай.

***-Гьеб нужеца гьабулеб хIалтIулъ кинаб рахъкквей ва гIахьаллъи бугеб росабазул нухмалъулезул ва жамагIатазул?***

-ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун буго нижер хIалтIулъ, районалъул росабазул нухмалъулелгун цадахъ лъугьун, росабалъ общественнияб, политикияб, социалияб, хасго экстремизмалъул ва терроризмалъул рахъалъ бугеб ахIвал-хIалалда хурхун мониторинг тIобитIи.

Росабалъ гьабулеб хIалтIулъ ниже кIвар бугеб кумек щола жамагIаталъул, хасго имамзабазул рахъалдаса. Гьез хIаракатаб гIахьаллъи гьабула батIи-батIиял дандчIваязулъ, школазда лъималазе лекцияби, гара-чIвариял гIуцIиялъулъ. ГIемер рукIуна гьезул бакIалъулаб телевидениялда цзерерахьинал. Гьединго, гьез жидерго макъалаби ритIула районалъул «Гъудуллъи» газеталдеги.

Терроризмалъулгун экстремизмалъул обществоялъе ва щивав инсанасе бугеб балагьалъул, исламалъул гьелдехун бугеб рокьукълъиялъул бицарал вагIза-насихIатал гьоркьоса камуларо рузман къоялъги. Исламалде данде чIаразул кIалдибго ругьунаблъун лъугьун буго «Исламский терроризм» абураб лозунг. Исламалъулги терроризмалъулги кинабгIаги гьоркьоблъи гьечIолъиялъул, исламалъул бацIцIалъиялъул бицарал цзерерахьинал рукIуна росабазул имамзабазул бакIалъулаб телевидениялда щибаб рузман сордоялъ.

Гьелъ кIудияб кумек гьабула битIараб ислам бичIчIиялъе ва гьелъул тIалабазда рекъон инсанасда хьвадизе лъаялъе.

***-Цебе гIемер хIужжаби рукIана эбел-инсуца жидерго лъимал Египеталде, Сириялде, Иорданиялде цIализе ритIиялъул.***

***Гьеб суал гьанже кин бугеб?***

-Нилъер районалда 83 чи вуго къватIисел улкабазда цIалун вачIарав. Жакъаги Египеталдаги Иорданиялдаги цIалулев вуго анкьго чи.

Гьеб суалалда хурхун дие бокьун буго дирго пикру загьир гьабизе.

Жакъа Дагъистаналда дин гьабиялъе, г1елмулъазабиялъе, валлагь гьаб жони камун бугинхайилан абизе бакI гьечIо. Рагьун руго мажгитал, гьечIо цониги росу жаниб мадраса гьечIеб, кьойилго гIадин цIиял ран рагьулелги руго гьел Дагъистаналда. ГIарабиялъ ругездаса къурал гIалимзабиги гьечIо, гьездаса дагьалги лъикIал, тIадегIанаб лъай бугел ратани гурого. Руго киналго шартIал чIезарун.

Щибха бугеб камураб жо Россиялда, гьел къватIисел улкабаздецIализеине? Камурабжо щибгIаги гьечIо. ТIадежоялъеги, гьел къватIисел улкабазда цIализе аразул гIемерисел кколел руго экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялъул кверщаликье.

***-Гьеб кигIанги кIвар бугеб суал буго, гьелда хурхун лъималазулгун, гьезул эбел-инсулгун кинаб хIалтIи гьабулеб бугеб?***

-Нижер аслияб хIалтIиго бугилан абизе бегьула лъимал бацIцIадаб исламалде данде кколареб идеологиялдаса цIуни. Нижеца лъималазулгун гьабулеб хIалтIи дагьабниги къадарлъани, гьелдаса пайда босизе чагIи камун хутIуларо. ХIинкъи бугеб ва кутакалда кIвар кьезе кколеб суал буго гьеб. Гьединлъидал районалъул школазда, библиотекабазда, культураялъул идарабазда цIалдохъабазулгун, гьезул эбел-инсулгун, росабазул гIолилазулгун тIоритIула дандчIваял, лекцияби, форумал. Гьединал тадбиразда АТКялъул членалгун цадахъ гIахьаллъи гьабула диниял идарабазул вакилзабаз, культураялъул отделалъул хIалтIухъабаз. Гьединал дандчIваял «Ниж терроризмалде данде» абураб лозунгалда гьоркь тIоритIана АнсалтIа, ГIанди №1, Болъихъ №1,2,3, РахатIа, Гъодобери, Инхело, МигIарсо, Кьохъ, Шодрода школазда ва ГIалахъ лицеялда. Районалда гьединалго дандчIваял тIоритIана республикаялъул муфтияталъул вакил Г. МухIамадовасул гIахьаллъигунги.

Араб соналъул март-апрель моцIазда жаниб районалъул имам АхIмад МухIамаев дандчIвана Гъодобери, АнсалтIа, Кьохъ, РахатIа школазул цIалдохъабигун. Гьединал дандчIваязда гара-чIвари букIуна обществоялда жаниб бук1ине кколеб хьвада-чIвадиялда, нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялда, экстремизмалда ва терроризмалда хурхарал суалазда сверухъ.

Росабалъ бергьенлъи босарав 34 цIалдохъанас гIахьаллъи гьабуна районалъул лъай кьеялъул управлениялъ диналъул тарихалда хурхун тIобитIараб олимпиадаялда.

«Болъихъ районалъул гIолилал - терроризмалде, экстремизмалде ва наркоманиялде данде» абураб лозунгалда гьоркь 27 марталъ районалда тIобитIана гIолилазул форум.

Болъихъ бугеб Россиялъул халкъазул миллияб культураялъул Централда 9-11 классазул цIалдохъабигун дандчIвана районалъул нухмалъулел, Дагъистаналъул динияб комитеталъул, республикаялъул Муфтияталъул, Дагъистаналъул гуманитарияб институталъул вакилзаби.

Районалда тIоритIарал киналго тадбиразул бицун хадур гъоларо. БатIи-батIиял слайдалги, документалиял фильмабиги рихьизарун тIоритIарал гьел киналго тадбирал ралагьизарурал руго гIун бачIунеб гIел терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялъул кIичIикье ккезе риччачIого цIуниялде. Жакъа къоялда жаниб районалда гьеб рахъалъ ахIвал-хIал квешаб гьечIо.

Узухъда, дицаги дида цадахъ хIалтIулезги хIаракат бахъизе буго районалъул гIадамазул хIинкъи гьечIеб ахIвал-хIал гьаб тIаде щвараб 2018 соналги цIунизе.

***-Щиб абизе ва гьаризе бокьилаан районцоязе гьаб ЦIияб соналъ?***

-ТIоцебесеб иргаялда, бокьилаан киназего сахлъи, хъизаналъулаб талихI гьаризе. Районалда гIодобиччараб ахIвал-хIал, хIинкъигьечIолъи бараб буго нилъер щивасда. Гьеб цIуни ккола жиндирго рукъ, хъизан-агьлу цIунилъун. Бокьилаан гьеб киназдаго бичIчIине.

Гьаб ЦIияб соналъ ратаги нилъ инсанасулги тIабигIиябги рахъалъан рачIунел балъгоял балагьаздаса цIунараллъун.

- Баркала, ГIабдулдибир, гьеб гьари-дугIаялъухъ ва гIатIидаб гара-чIвариялъухъ.

***Гара – ч1вари гьабуна нижер хасав мухбир***

**Ах1мад АГЪЛАРОВАС**

# КАЛЕНДАРЬ – 2018



| | ЯНВАРЬ | ФЕВРАЛЬ | МАРТ | АПРЕЛЬ | МАЙ | ИЮНЬ | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| П | 1 8 15 22 29 | 5 12 19 26 | 5 12 19 26 | 2 9 16 23 30 | 7 14 21 28 | 4 11 18 25 | П |
| В | 2 9 16 23 30 | 6 13 20 27 | 6 13 20 27 | 3 10 17 24 | 1 8 15 22 29 | 5 12 19 26 | В |
| С | 3 10 17 24 31 | 7 14 21 28 | 7 14 21 28 | 4 11 18 25 | 2 9 16 23 30 | 6 13 20 27 | С |
| Ч | 4 11 18 25 | 1 8 15 22 | 1 8 15 22 29 | 5 12 19 26 | 3 10 17 24 31 | 7 14 21 28 | Ч |
| П | 5 12 19 26 | 2 9 16 23 | 2 9 16 23 30 | 6 13 20 27 | 4 11 18 25 | 1 8 15 22 29 | П |
| С | 6 13 20 27 | 3 10 17 24 | 3 10 17 24 31 | 7 14 21 28 | 5 12 19 26 | 2 9 16 23 30 | С |
| В | 7 14 21 28 | 4 11 18 25 | 4 11 18 25 | 1 8 15 22 29 | 6 13 20 27 | 3 10 17 24 | В |

| | ИЮЛЬ | АВГУСТ | СЕНТЯБРЬ | ОКТЯБРЬ | НОЯБРЬ | ДЕКАБРЬ | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| П | 2 9 16 23 30 | 6 13 20 27 | 3 10 17 24 | 1 8 15 22 29 | 5 12 19 26 | 3 10 17 24 31 | П |
| В | 3 10 17 24 31 | 7 14 21 28 | 4 11 18 25 | 2 9 16 23 30 | 6 13 20 27 | 4 11 18 25 | В |
| С | 4 11 18 25 | 1 8 15 22 29 | 5 12 19 26 | 3 10 17 24 31 | 7 14 21 28 | 5 12 19 26 | С |
| Ч | 5 12 19 26 | 2 9 16 23 30 | 6 13 20 27 | 4 11 18 25 | 1 8 15 22 29 | 6 13 20 27 | Ч |
| П | 6 13 20 27 | 3 10 17 24 31 | 7 14 21 28 | 5 12 19 26 | 2 9 16 23 30 | 7 14 21 28 | П |
| С | 7 14 21 28 | 4 11 18 25 | 1 8 15 22 29 | 6 13 20 27 | 3 10 17 24 | 1 8 15 22 29 | С |
| В | 1 8 15 22 29 | 5 12 19 26 | 2 9 16 23 30 | 7 14 21 28 | 4 11 18 25 | 2 9 16 23 30 | В |

# НИЖЕР АНКЕТА

**1.Кинаб букIараб дуе 2017 сон?**
**2.Араб соналъ бищунго ракIалда чIараб лахIзат.**
**3. ЦIияб соналъ щиб дуца гьарилаан ракьцоязе?**

## М.ГIумархIажиев,

***90-абилел соназда вукIарав районалъул бетIер***

*1. Ана нилъер гIумрудул жеги цо лъагIел… Гьеб республикаялъеги нилъер районалъеги батIи-батIиял ишаздалъун бечедаб букIана.*



*Республикаялъе нухмалъи гьабизе вачIана машгьурав политик ва гIадлу-низам цIунулел органазда хIалтIулев вукIарав Владимир Васильев.. Дирги, тIолабго халкъалъулго гIадин, хьул буго гьес гIадамазе пайдаяб, дагъистаниязул рекIелъ живго хутIулеб хIалтIи гьабилин.*

*Бикъа-хъамиялде, рищватазде нуцIа къалин, хъачагълъи-хъамалчилъиялъе ахир лъелин, церетIурал регионазде гьоркьобе республика цIазе кIвараб жигар бахъилин. Араб соналъ цIидасанги Пачалихъалъулаб Думаялде вищана нилъер ракьцояв ГIумахан ГIумаханов. Халкъияб Фронталъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул нухмалъулевги вуго гьев .*

***2. Дирго гIумрудулъги рукIана араб соналда ракIалда чIолел лъикIал лахIзатал, лъугьа-бахъинал. Гьавуна дие внук, цоги чияс тIаде цIикIкIана Чанхъоса ГIумархIажиевазул наслу. Республикаялдаго бищун лъикIазул цояблъун рикIкIунеб щу-абилеб лицеялъул Умумузул Комитеталъул председательлъун вищана дун 2017 соналъ, кьуна санагIатаб кабинет, чIезаруна хIалтIуе тIолалго шартIал. Дида гьабураб божилъиги рит1ухъ гьабун, дицаги ракIбацIадго тIуразарула дидаго т1адал ишал, кIвараб кумек гьабула лицеялъул коллективалъе цIалулгун тарбия кьеялъул процесс цебехун бачиналъе. ТIоритIула батIи-батIиял тадбирал, дандчIваял.***

*3. Ц1ияб сонги баркулаго, бокьун буго дирго гIагараб районалъул хирияб халкъалъе, херазегун бахIаразе, бихьиназегун руччабазе тIоцебесеб иргаялда рекъел гьаризе. Щай гурелъул дол 1999 абилел рагъулал соназул бухIи бихьарал, хIехьарал ва бергьенлъиялъе гIоло камиял ккарал чагIилъидал нилъер гIемерисел Щулияб сахлъи нужее, хирияв вацал ва яцал, рохел ва ками гьечIеб баракат. Нилъер ракIазулъ иман щулалъаги, нилъер щивасе Аллагь разияб гIамал кьеги!*

## Нуцалай МухIамадова,

***адвокат, Москва шагьар***

***1.2017 сон дие букIана гIемерал лъугьа-бахъиназдалъун, лъикIал ишаздалъун гьарзаяб ва бечедаб сон.***

***Чияр ракьалда, чияр гIадамазулгун гIамал рекъезабизеги, магIарул гIадатал цIунун хьвадизеги, дие жидедасаги жидее дидасаги пайда- баракат бахунел чагIазулгунгун лъай-хъвай гьабизеги, гьудул-гьалмагълъи кквезеги, гьай-гьай, бигьаяб иш гуро. Амма кIванани, дица рикIкIуна гьелдаса кIудияб талихIги, берцинлъиги, баракатги гьечIилан..***

***Гьеб рахъалъ араб сон дица рикIкIуна кутакалда талихIаблъун, баракатаблъун, щай гурелъул дун сверун ккун йикIиндал жидерго ракIбацIцIадаб хIалтIудалъун, гIаданлъиялдалъун, профессионалияб махщалидалъун нилъер***



***гIумру цебетIезабулел, ВатIаналъеги халкъалъеги пайдаял гIадамаз. Хасго кIудияб асар гьабула ва рекIелъ чIухIигун рохел рещтIуна чияр бакIалда нилъерго ракьцоязул бугеб къадру-къимат бихьараб мехалда.***

***2. Араб соналъ ккарал ишал, ракIалда чIарал лахIзатал гIемерал рукIана. Амма дицаго тIаса бищараб хIалтIи цIакъ бокьулей гIадан хIисабалда, дида бищунго ракIалда чIана цо лъугьа-бахъин. Дица тIаде босун букIана къисматалъ мекъи ккун жинда гIайиб гIунтIизабурав цо гIолиласул дело. Нужеда рихьизе лъикIан васасул инсул пашманал бералги, гIодобе къулараб бетIерги, бадиса гирулеб магIуги.***

***ГIемераб къеркьеялдаса хадуб, Аллагьасул кумекалдалъун, кIвана гьев туснахъалдаса къватIиве вахъизе. Гьесда дандчIвай гьабизе рачIарал гIисинал лъималазулги, лъадулги, инсулги рохел гIадин ракIалда чIараб жо гIемер букIинчIо дир…***

***3. ГьитIинаб мехалда эбел-инсуца, вацал-яцаз, гIагарлъиялъ сверун ккунги рукIун, рохел цIакъ гьитIинаб жоялдасаги букIунаан. Гьанжейин абуни, рикьа-рихxун цоцадаса рикIкIалъидал, гIумруги бичIчIиндал, дие бокьун буго гьаб ЦIияб соналда ракьцоязе, киназго гьарулеб сахлъи гуребги, цоцалъ гьуинлъи, цолъи, гъунки гьаризе. ГIолохъабазе-къвакIигун лебаллъи, ясазе берцинлъигун сабру, чIахIиязе, жидее Аллагьас кьурал къоял тIагIинегIан, х1алхигун парахалъи гьарила дица. Аллагьас даруялде черх ккогейги, чияр цIобалде рукъ ккогейги, хириял ракьцоял!***

## Аида МухIамадова,

***Гъодобери гьоркьохъеб школалъул ингилис мацIалъул учительница***

1. Араб сон кинаб букIарабали абизе захIматаб буго. ГIемераб батIи-батIияб жо ккана, амма дир пикруялда квешалдаса лъикIаб рахъ цIикIкIараб букIана.
Ва бокьун буго басрияб соналда баркалайин абизе:



гIемерал интересал ва гвангъарал лахIзатазухъ, щвараб хIалбихьиялъухъ, бергьенлъабазухъ, кидаго аскIор рукIарал гьудул-гьалмагъзабазухъ, гIагарлъиялъухъ, гьитIинаб къоялдасаго рекIелъ бессараб мугIалимасул хIалтIухъ, хIатта битIккунгутIиязухъцин.

2. ЛъагIел унго-унгоги букIана бечедаб, амма бокьун буго киналдаго гьоркьоса батIа гьабизе «ЛъагIалил учитель» конкурс.
Г***ьеб*** конкурсалъ дие гIемераб жо кьуна – цIияб хIалбихьиги, цIиял лъай-хъваялги, цIиял дандчIваялги.
Гьений гIахьаллъи дие лъугьана цебетIеялъе туркIилъун, профессиналияб махщел рагьиялъе сабаблъун. Ва цIия-цIиял бергьенлъабазде ишангун цеехун ине дилъ букIараб гъира жеги цIикIкIана.
Жакъа щвараб ресалдаса пйдаги босун, бокьун буго конкурс гIуцIаразе ва дир рахъ ккурал киназего баркала загьир гьабизе.

3. ЦIияб соналъ киназего гьарула рекъел, сахлъи ва бергьенлъаби. Биччанте ЦIияб сон басриялдаса гIемерго лъикIаб, гвангъараб ва баракатаб букIине.
ТIурайги щивасул рекIел анищал ва къасдал!

## *Камилпаша Давлатов,*

***Каспийск шагьаралъул администрациялъул ЖКХялъулгун бакIал раялъул ва архитектураялъул управлениялъул начальник***



1. ***Кинабха букIараб дие араб 20I7 сон? Дица магIишатияб рахъ босиларо-гьеб гуро нилъер гIумрудул аслияб роцен. Дир пикруялда, бищун чи вохизе кколеб жо буго гьудул-гьалмагъзаби дуеги мун гьезиеги камичIого хутIи ва гъункун, цолъун цоцада аскIор, Аллагьас кьураб хинкIги кванан, ракьалда берцинаб яшав гьаби.***

***Бокьулеб хIалтIиги, ракълилаб гIумруги, ракI бащадал гьудулзабиги, къойилго БетIергьанасе гIибадат гьабизе ресги--тIокIаб тIадеги щибха чиясе къваригIинеб?!***

***Дие гьединаблъун букIана араб сон Гьелде тIадеги, басриял гьудулзабазул къадар цIияздалъунги цIикIкIана.***

***2. РукIана араб соналъ дирго гIумруялъулъги лъикIал, ракIалдаса унарел лъугьа-бахъиналги.***

***Бищунго дун вохараб лъугьа-бахъинлъун ккана дир вас Камилие вас гьави.. Нижер тухумалда жеги цо чияс тIаде цIикIкIана бихьиназул къадар.***

***Гьединго, васас лъугIизабуна Астраханалда ординатура ва гьабсагIаталда хIалтIулев вуго Каспийск шагьаралъулаб больницаялда тохтурлъун.***

***Гьанже дирги, кIодолги, нижер кIудияб хъизан-агьлуялъулги вуго нижерго хасав тохтур.***

***3. Щибха дица ЦIияб соналда гьарилеб районалъул ва гIемерал соназ дицаго бегавуллъи гьабураб Гъагъалъ росдал гIадамазе, рикIкIен гIемерал гьудул-гьалмагъзабазе?***

***Аллагьас нужеде гьумер битIараллъун, Гьесие рокьулеллъун ратаги нуж.***

***ЦIияб сон рохелгун, баракатгун бачIараб батаги нужер щивасул рокъобе.***



## НИЖЕР АНКЕТА



*1.Кинаб букIараб дуе 2017 сон?*
*2.Араб соналъ бищунго ракIалда чIараб лахIзат.*
*3. ЦIияб соналъ щиб дуца гьарилаан ракьцоязе?*

## Индира Дибирова,

*районалъул энергосбыталъул начальникасул заместитель*

**1. Диеги, дида релълъарал , хIалтIи-пишагун хъизан-рукъ бугел чагIазеги календаралъул иргадулаб тIамач бегилъун букIине рес гьечIо тIубараб лъагIел.**



**Нилъер хIалакараб, сундего регIизе толареб гIумруялъулъ кидаго букIуна батIи-батIиял лъугьа-бахъиназеги машгьурал ишазеги бакI. Ва цониги къо букIунаро цоцада релълъараб.**

**ТIадчIун цIалдеялъ, цIияб жо лъазабизе хIаракат бахъиялъ ва лъикI аттестация кьеялъ дие рес ккана дирго профессионалияб махщел борхизабизе.**

**Гьелъул хIасиллъунги ккана диеги диргун пишацояй Рашидат Къураевалъеги Севералияб Кавказалъул МРСКялъул ПАОялъул Генералияв директор Ю.В.Зайцевас кьурал ХIурматалъул Грамотаби.**

**2.Араб соналъ ракIалда хутIана гIемерал гвангъарал лъугьа-бахъинал.**

**Мисалалъе, велосипедалдаги рекIун Болъихъ росулъа гIолохъаби ХIежалде ин ва паризаяб рукнуги тIубан сах-саламатго рокъоре тIад руссин.**

**Дагъистаналъулги Чачаназулги имам Шамил гьвуралдаса 220 сон тIубаялда хурхун тIобитIараб кIудияб тадбир.**

**Эркенаб гугариялъул рахъалъ кIиабизеги дунялалъул чемпионлъунги вахъун, гIагараб районалъул цIарги цIунун тIад вуссарав спортсмен ХIажи Набиевасда гьабураб дандчIвай.**

**Хасаб рохеллъун ва гьитIинаб чIухIилъун букIана дие араб соналда тIобитIараб ГIагараб ракь лъазабулезул Олимпиадаялда дирго яс гIахьаллъи ва гьениб гьелъие тIоцебесеб бакIги Республикаялъулаб конкурсалда гIахьаллъизе ресги щвей.**

**Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе ясалъул руководитель ХIажи Сабировичасе конкурсалде гьей х1адуриялда сверухъ кIудияб хIалтIи гьабиялъухъ ва гьелъие лъикIаб лъай кьеялъухъ.**

**Йохизаюна кутакалда «Пять сторон света!» абураб, Дагъистан бахун къватIибехунги машгьураб школалда цIалулев васасги. Гьев вахъана тэквандоялъул рахъалъ школалъул чемпионлъун.**

**3. ТIаде щвараб ЦIияб 20I8 соналда дица районалъул тIолалго гIадамазе гьарула щулияб сахлъиги, рохелги, рокъоб баракаталъул нурги.**

**Дирго пишацоязеги гьудул-гьалмагъзабазеги гьарула байбихьулеб бокьараб ишалъулъ бергьенлъаби, цоцада ричIчIи ва хъулухъалъулал болъабаздаса эхеде рахин.**

**Ахиралдаги абизе бокьун буго гьадинан:**

**Биччанте кидаго бакун букIине ва нужер ракIазе гвангъи кьезе гIицIго токалъул канлъиялъ гуребги, Рокьул, Хьулалъул ва Божилъиялъул канлъиялъги!**

## Раисат МухIамадова,

*Сбербанкалъул районалда бугеб филиалалъул нухмалъулей*

1. 2017 сон букIана календаралъул иргадулаб тIамач бегараблъун гуреб, батIи-батIиял лъугьа-бахъиназдалъун ва хиса-басияздалъун бечедаб.

Аслияб жо- гIагараб Дагъистаналда букIинчIо кьвагьа-гIанхъи, гъармагъир. Гьоркьоса къотIана теракталги цогидалги такъсириял ишал. Берцинаб сасараб букIана араб сон нилъее.



2. Дирго гIумруялъулъги ккана кIвар бугел лъугьа-бахъинал.

Ккарал хиса-басиязул бицунаго, ,гьаниб рехсечIого гIоларо банкалъул мухъилай хIалтIухъанлъун йикIарай дун банкалъул управляющийлъун тIами. Ва гьелда бан дун гочана МахIачхъалаялдаса гIагараб районалде.

Кутакалда йохарай йиго хириял ракьцоязда щибаб къойил бер чIвазе БетIергьанас диего кьураб ресалдаса.

Узухъда, кутакалда захIматаб ва жавабияб буго дида тIад къараб иш..Амма сундухъго балагьичIого хIаракат бахъизе буго хIалтIи гIадамал разияб хIалалда нухда бачине. .

Гьеб 20I7 сон дие букIана гIагарлъиялда, гьудул-гьалмагълъиялда жаниб бертаби гьарзаяб сонлъун. Дун гьелдаса кутакалда йохарай йиго:Хъизан гьаби кIвар бугеб иш бугелъул.

3. Бокьилаан гьаризе киналго гIадамазе тIаде щолеб 2018 соналъ щулияб сахлъи, рохалилаб гIумру, талихI.

Аллагьас киназулго рекIел мурадалги тIурайги!

## *М-К*. ХIажиев,

*ДРялъул МФЦялъул районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев*

1. ***ГIемерал лъикIал ишаздалъун, лъугьа-бахъиназдалъун бечедаб букIана диеги дица нухмалъи гьабулеб филиалалъеги араб 20I7-абилеб сон. Халкъалъе бищунго цIикIараб хъулухъ гьабулеб, бокьараб документ хIадурулеб ва къватIибе кьолеб идараялде сверана ахирал соназда МФЦ.***



***Нилъер районалдаги квеш гIуцIун букIинчIо рехсараб хIалтIи.***

***Нижехъе рачIарал аза-азар гIадамазул цонигияв инчIо яги мурад тIубан, яги гьеб тIубаялъе хIажалъулел документазул мухIканаб баян кьечIого. Нижер ракIбацIадаб хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна РДялъул МФЦялъул ГАУялъул нухмалъулезги, ай районалъул филиал бихьизабуна республикаялдаго бищун лъикIазул цояблъун.***

2. ***Араб соналъ рекIелъ хутIарал ва лъикIаб асар гьабурал лахIзаталги дагьал рукIинчIо. Дие гьавуна кIиабилевги внук. Дирго гIумрудул 55 сон тIубалъги асар гьабиларищха-дагь-дагьккун херлъулев вукIин бичIчIана.***

***ЦIикIарасел дир сонал жанисел ишазул органазда хъулухъ гьабулаго ана-цин милициялда, хадур-полициялда. Гьединлъидал рехсечIого рес гьечIо цо тарих. 20I7 соналъ I00 сон тIубана милиция ва пачалихъалъулаб хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул органал гIуцIаралдаса.***

***3. Щиб дица гьарилаан ЦIияб соналъ? Сириялда ва Палестиналда рагъ талихIалъ гIодобе буссана, бокьилаан дунялалда тIад тIолалго пачалихъазда гьоркьоб рекъелги гьуинлъиги букIине, кьвагьа-гIанхъиялъе ахир лъезе. Районцоязе, гьудул-гьалмагъзабазе, пишацоязе гьарила щулияб сахлъи, рохел, аваданлъи ва ракIазул тIолалго мурадалгун анищал тIурай!***

## Саида ГIабдулаева,

*гIаммаб практикаялъул тохтур, Москва шагьар*

1. Араб сон диеги букIана батIи-батIиял лъугьа-бахъиназдалъун бечедаб ва интересаб.

Амма дир бищунго кIвар кьолеб жо медицина бугелъул, аслиял пикрабиги, хьулалги, анищалги гьелда хурхарал рукIана.



Байбихьуда дун хIалтIана поликлиникаялда участкалъулай терапевтлъун. Хадуй дун цIалана гIаммаб практикаялъул тохтурасул махщалие ва жакъа къоялде щвезегIан улкаялъул тахшагьаралда тохтурлъун хIалтIулейги йиго.

МоцIида жаний кIиго-лъабго нухалъ хьвадула бакI-бакIазде конгрессазде, конференциябазде. ЦIалдола, тIадеги махщел камил гьабула.

Тохтурлъи буго кидаго цIалдезе, цIияб жо лъазабизе , гьоркьоса къотIичIого дурго махщалилаб даража борхизабизе кколеб хIалтIи.

Дица рекIее бокьараб махщел тIаса бищиги, хадуй цIализе инги, лъикIал къиматазда цIалун тIадегIанаб лъай щвейги-гьеб кинабго буго эбел-инсуца сундулъго дир рахъ ккеялъул ва кумек гьабиялъул битIахъегояб хIасил. Баркала буго кидагосеб дие тарбия кьурал учительзабазеги.

2. Араб соналъ бищунго ракIалда чIараб лъугьа-бахъинлъун ккана Домбаялда росгун цадахъ горнолыжний курорталда гьабураб хIухьбахъи.

Кутакалда бокьана нижго жанир чIараб «Снежный барс» абураб отель.

ЛъагIалил бокьараб заманалда лъикI букIуна Домбаялда. Ва лъилниги ракI холаро гьениб биччараб заманалдаса,щай абуни чиясе рес щолеб бугелъул жиндирго сахлъи щула гьабизеги,ракIгъун къоял тIамизеги.

3. Дирго гIагараб Болъихъ районалъул халкъалъе, хириял росуцоязе, гIагарлъиялъе, тохтур хIисабалда, тIоцебе щулияб сахлъи гьарула дица.

Биччанте тIаде щвараб ЦIияб сон киназего букIине ракълилаб, икъбалалда къвал бараб, къварилъабазда мал бараб, кидаго рокъоса баракат камичIеб!



# БАХЬИКЪОС

## *Балъхъадерил* бахьикъосазде улкаялъул вечний ПаччахI Путинил Эбелаб ХитIаб!

Привет, рухIгIан хириял мугIрузул цIумал!

Щадаре кIанцIизеги хIадурал балъхъадерил бахьикъосал!

Но жакъа нуж цIадаре кIанцIеян гьарулеб гьечIо дица - цIа Сириялда, Палестинаялда бугебги гIела, гIалам кантIизе.

Дир жакъа почетни миссия буго коллега Магомед Малачевичасдаги балъхъадерил бахIарчияб халкъалдаги ЦIияб сон баркизе.

Хириял балъхъал!

Дир политикияб взлет байбихьана 1999 соналъ Болъихъан ва гьале 20 соналъ воржунев, воржунев вуго хиси гьечIев кореш Дима Медведевгун цадахъ.

Киве щвезегIан - одному Господу известно.

Амма жакъа дир карьералъе квалквал гьабизе, ай Дималги дирги политикиял куркьби кьотIизе бокьарал чагIи раккун руго Дагъистаналда.

Гьадаб нужер ДУМД буго канкретна нижеде данде чIун. Муфтиясул лъадул цохIо килщил багьаяв кандидат гьечIила нижеда гьоркьов. Дунги рихун вугила халкъалда тушман гIадин, Дималги ккун бугила рейтинг гургинаб нолалде.

Карочи гаваря, ихдаде Айна Заирбеговна Гамзатова рещтIине кколила Керемлиялъул гьундузухъ.

Гьудуй керентурад Ксюша Собчакги Дагъистаналде Галавалъун тIамизе лъикIила, Василий Алибабаевичги хисун.

Бихьиназул гегемония чIалгIун бугила, чIахъагийила руччаби-политикал.

ПалхIасил, хIурматиял Горцал ва Горянкаби, щиб гьабунги нужеца гьай нужерго гIадан гьаваялдаса гIодой рещIтIинайизе ва навсегда кIудияб политикаялдаса ятIа гьайизе ккола. Иначе …иначе бокьараб жо ккезе рес буго месед гIадай магIарул ясалъе.



Гьеб улкаялъего кIвар бугеб кIудияб ишалъе байбихьи лъезе бокьилаан нужецаги багу-чIамалазги. Хадур гIахьвалал тоже потянутся. Цинги - хунзги хутIарал горни районалги.

Дие голос кьечIев чиясул ракьандаса газалъул турба кьотIеян лъазабизе ккола нужеца на местах ругел, гIарцуца щцульарал Миллерил тIанчIаздаги.

Киб рагIараб жо Кавказалъул Игитазда тIад чIужугIаданалъ ханлъи гьаби?!

Лъебел Ромаде дандеги багъарун букIана гьоркьиса кутакаб бунт, Коррупция против народайилан, тьфу, Народ против коррупцийилан громкий цIарги кьун. Кьварараб барбаялъул бетIерлъуда рукIана добго Муфтиятги гIурччинал такъиячагIиги.

И че в итоге?! Ни че!

Мама ахIизабуна Рамазан Гаджимурадовичас доза. Досрочно ана тIурун, тIокIаб жидее я народ кIваричIила, я коррупциялъул бицинарила.

Нужер магIарул халкъалъул буго кутакалда цIодораб кици - Киданиги гьороде данде доб жо гьабугейилан.

Властalде данде рахъун жо кколаро.

Берцинго ГIанди мухъалда нужерго животный мирги хьихьун, хьиндаллъиялда пихъ-мичIги гIезабун гIодор руссун рукIа хIалчIахъадал.

Щай нужее на переправе чуял хисун?

КIиго хьвани буго гьаб кьогогIан соналъ улкаги хадуб цIан цебехун унеб, биччанте кьотIоде щвезегIан ине.

Кинал ксюшаби, кинал айнаби, вы о чем поете?!

Х1асил калам,кутакалда цIакъ баркула нужеда гьаб Щияб гьойдул сонги, гьарула рохелги, сахлъиги, саламатаб магIишатги.

Гьединго, кьеги нужее басрияв цIияв Президент вицизе гIакълуги, гIадада гаргадулей горянкаялде «Гудбай, мадам Гамзатова!»,- йилан абизе мудростьги.

*Нужер бах1арчияб халкъалде кIудияб адабгун Петерпуталдаса Игит ва вечний ПаччахI Володя*

*Путин*

## Ц1ИЯБ СОНАЛЪУЛ МАКЪУ…



Ц1ияб соналда цеве
Белый домалде арав,
Цо чиновник щвезег1ан
Диваналде щапана

Щуго минут инелде
Ана воржун макьилъе-
Микьго серия бугеб,
Сериал буго цебе

Високосный год анин
Гаргадулеб бохун халкъ,
Хадусеб лъик1аб щвелин
Бет1ергьанасде хьулгун

Хьолбохъ Хэк Мага вуго
Сумкабиги къвалакь ккун,
Къурун ч1ег1ер михъалгун,
Перемиял рикьулев

Улка мискинлъаниги,
Жиндир рак1 бечедабин,
Казна гьодорлъаниги,
Капказул запас бугин

Заман гьоркьоб инч1ого,
Заур вач1ана цеве,
Бащдаб зарплата кьунин,
Бащдаб т1асиялъ кьелин

Михъ кьуранин дотаци
Щвеялда щакльи бугин ,
Даптар цебе бахьейин,
Дефицит загьирлъизе

Цинги сабурав Асх1аб
Сасун вуго пикрабаль,
Собственный доходазул
К1иго лимон камунин

Канце года хут1арал
Гъурщазул ращот кколин,
Бач1унеб годалъецин
Гудур гьолин ээ нилъей

Даим разияв замас
Зурна пуна панаго,
Палаженя квеш гьеч1ин,
Капказулъ гурин талих1

Тейин гьаб зигардиги
Зарплатаги г1олебин,
Топливо гьеч1ониги,
Рек1елъ хинлъи ц1унейин

Хадув ваккана Бет1ер,
Цо бат1ияб г1аламгун,
Г1алибегилан тана
Бет1ер х1уларав игит

Исана ришни-къулалъ
Жив рег1изего теч1ин,
Т1асиялъ, Малачевич,
Мощный бюджет бук1инин

Щуц1ул т1ат1ала нужей
Г1адада щвеч1ин байрахъ
Исанаги щвеялда
Щибниги щаклъи гьеч1ин

Жакъа рес щун бук1адго
Бокьун бугин щуризе
Рокьулин нуж жиндие
Лъебелаздаса ц1ик1к1ун

Г1алибегил гьаркьихъе
Макьидаса ворч1арав,
Рич1ун дирго beралгун
Приемниялде ана

Гьазухъа жо щолареб
Гьаналъго бицанилан,
Х1алиматий салам кьун,
Сверун нахъе вуссана

Бец1аб коридор кьот1ун,
Кьват1ибе нух босана,
Кваразда квалквадулев
МЧС Горбачги тун

Салих1 Салих1ов

## ЦО-ЦО ПАЙДАГИ КАМУЛАРОАН

*Калининаулалдаса МахIач жиндирго цо хьулухъалъ райцентралде Дилималде уна. Гьенив цоязулгун кьец ккун, хабар кьогIлъун, кьабгIезе ккола. Жив бергьунареблъи бичIчIарав МахIач, цо лъикIаб хIалалъ гьезул цоясда зарги щвезабун, гьениса лъутун унев вукIуна. «Гьев хьахIаб горде ретIарав кквеянги ахIдолаго, гIолохъаби гьесда хадур лъугьуна. МахIач вихьичIогон жиндаго цере ругел гIадамазде ахIдола, цебехун килищги битIун, доле доб хьахIаб горде ретIарав кквеян, живгоги гьол хадур лъугьунел гIолохъабигун цадахъ вугин ккезе.*



*Гьедин, щив кквезе кколевали лъачIогон рихха-хочарал гIадамал рекIеда ратилелде, МахIач цебе батараб КПССалъул райкомалъул минаялде жаниве кIанцIула.*

*Щиб ккарабан гьениб цIех-рех гьабидал, «Валлагь ккана цо кIалъай гIолохъабазулгун, гьез бицараб квешабщинаб жоги хIехьана, хадуб эбелалде абурабги хьехьана, амма партиялде чорокаб рагIи абидал гьеб хIехьезе кIвечIо ва гьел гIолохъабигун кьабгIезе ккана гIагараб партиялъе гIоло»,- ян жаваб кьола МахIачица.*

*Гьес бицаралда божун, партиялъул хIалтIухъабаз МахIач хадур рачIунезул ццидадаса цIунула.*

*Гьедин цо-цо пайдаги камулароан Компартиялъул.*

# КЪОХЪОБЕР



## Жакъасеб къоялъул къваридаб сарин

### ЦебегӀи

*Вассалазда гьоркьоб*
*Опросги гӀуцӀун*
*Васяда цӀар чӀвана*
*ЦӀадав рехизе*

*Бикъа-хъамиялъул*
*Антикодексгун*
*Кавказалде ана*
*Инарал витӀун*

*ЦӀогьгуму рищватаз*
*ЦӀар ун бугилан,*
*ЦӀан ана Рамазан*
*Вовaца нахъе*

*Хъачагъазул къавулъ*
*Мун рекъоларин,*
*ГӀарза битӀейилан*
*БачӀана ругьел*

*Рогьалил гьуригун,*
*Махххул хӀинчӀалда,*
*Мах!ачхъалаялда*
*РещтӀана Вася*

*ТӀубараб Россия*
*Цадахъги бачун,*
*ВачӀун чӀана ИО*
*ГӀадлу гьабизе…*

### Авал

Инсул рокъов кинниги,
Рекъон ккана Инарал
Ина чанги чиновник,
«ЧчугӀа ккевезе» рикӀкӀаде

РекӀкӀаб пирказ-указ хъван,
Рачахъила министрал,
МагӀишат понцӀонаг1ан
Аллагьцин кӀочон тарал

КӀарчанал рищватчагӀи
«Расходалде» ритӀила,
Нахулъ рецӀцӀулел цӀогьал
Риди цӀцӀузе тӀамила

ТӀарикъатлъун цӀогь ккурал
Ц1ам ххенезе риччала,
ГӀумру гьоцӀойин ккарал
Карш ч1ик1улел рук1ина

Икраялъулъ тӀерхьараз
ТӀех буцила берцинго,
Гъурщие лагълъи ккураз
Каспи ралъдалъ квачӀ бала

Коттеджазул бутӀрузе
МагӀарда хъошал рала,
Бикъа-хъами гьукъизе
Хьолбохъ Хъандаги бухьун

Чартеразде ругьунал
Чоде рещӀтинарила,
Иномарка рекӀарал
ХӀамузда тӀад тӀепила

Бюджетни корма кунел
Жалго хьихьила хъвезе,
ХъахӀаб Рукъалъул тӀанчӀай
Хъвала ордер на арест

Районалъул ал шефал,
Шампуналъ чура-хулун,
Читаялде ритӀила
Чанахъанлъи гьабизе

Чияр боцӀи кванарал
Камчаткалде къокъина,
Жагьилал чукчабигун
ЖамагӀаткакал разе

Лъебелал рокъор ина,
Рекъараб магӀишатгун,
Рамазаний сардаца
Суждаялда рукӀине

Киллералгун гъачагъал,
ГӀундул гъурарал бугъби,
Васил ас, гудурги гъун,
Оптом жанире гъела

### Ахир

*Гьединал анищазда*
*Ина нилъер цо лъагӀел,*
*Лъалев политикасул*
*Рищиял тӀад щвезегӀан*

*Рищиязда «халкъалъго»*
*Ханлъун вищила Путин*
*Нахъеги улкаялда*
*Эйфория букӀина*

*Ссылка лъугӀун, Василий*
*Думаялде вуссина,*
*Дагъистанги цӀидаса*
*ЦӀогьаца хъатикь ккела*

*Бакъул чӀорал ссун ина,*
*Ссур пузе байбихьила,*

*Щущан аяб Дагъистан*
*Нахъеги рагӀдукь ккела*

*Рохьахъ бацӀал цӀикӀкӀина,*
*Бидул гӀорал чвахила,*
*Чиновниказул зулму*
*Халкъалъе загьирлъила*

*Бюджеталда хахулел*
*Хухазул сас баккила,*
*Пидиса на пидиса*
*Почеталде бахина*

*Низам кӀочараб базар*
*БукӀина мун Дагъистан,*
*«Дедил» системаялде*
*Босила дуца ишан!*

*Рамазанил культура,*
*КечӀгун цадахъ букъила,*
*Гьелъул бакӀалъ шавкъалда*
*Ширванил Гимн ахӀила*

*Поэзиялъул Театр*
*Торгашазухъе ккела,*
*Культураялъул Централ*
*ГЕРЦазде сверун ина…*

*Сонзаул гордо ричӀун*
*ВачӀина лъебел Рома-*
*Лъалаго кӀвечӀин дида*
*Нужелъ гьеб лагълъи чӀвазе!*

СалихӀ СалихӀов

### ЦӀиял щватаби

***ЦӀиял щватабиги ретӀун шагьаралде къватӀиве ине лъугьана Камил.***

***Гьев рекӀараб машинаялъ Хасавюрталде щолаго авария гьабуна ва гьевги шофёрги лъукъа-къотӀун шагьаралъул больницаялде ккана.***

***Гьесдаса щватаби рахъулей йикӀана медсестра. Хвезехъин вугев жиндие гьелгӀаги щибизейин, къотӀун рахъеян цалхана Камил гьелде. Гьелъги щватаби къварцӀ-къварцӀан къотӀун нахъе рехана.***



***Хехго баянлъана, гьаб-доб бакӀ хъарсинабун бугониги, Камил сахлъиялъе кӀудияб зарал ккечӀогон ворчӀун вукӀин.***

***Камил вохана. Амма щватаби къотӀарай сестраялда гьев тӀокӀалъ гьимун кӀалъачӀо.***



## ГЬЕЧӀО МАГӀАРУЛ ЧӀУЖУЯЛЪЕ РОС ГӀАДАБ ЖО!



***-Вабабай, ахираб заманалда квешалдаса квешаб гурони хабарго рагӀунеб гьечӀо гури, БатӀи.***

-Щиб жо дуда рагӀараб жакъагӀаги, Халун кӀодо.базар кӀодо? ГӀундулги гъуцӀизарун гъибат-бугьтаналда хадуй йикӀине бегьилищ ,кӀиябго бох хабалъе даларай херай дуррак!

***-Батани теха,БатӀи. Ана дун дирасего хъулухъ гьабизе.***

***Дасие къад дица гьабичӀони,къаси ни черта дас диеги гьабуларо. Нижер цӀуралъухъ цӀун букӀуна.Жена, у нас взаимозачетилан вукӀуна рази-ракиго.***

-Гали бахъун инаро мун росасе хъулухъ гьабизе. Херай манячка, нич гьечӀей чорок. Реклама гьабичӀого бегьилищха дуца рослъадуда гьоркьоб букӀунеб жоялъе..

.Давай хекко дурго доб квешаб хабар гьурщея къватӀибе.

***-Цеве вукӀарав муптиясул йикӀарай, гьанже йигесул йигей лъадиялъ лъун рагӀула гали добе Московалде .***

-Росги тун ай тахшагьаралде гочиналъул магӀна щиб?

Вай,нилъер-руччабазул ишго лъугӀун буго.Бокьараб жо гьабун рахъуна…

***-Гуро чӀере, гочуней гьечӀо. Доб цо жо лъун рагӀула гьелъ. РакӀалде бачӀина гьечӀо, цо берцинаб рагӀи буго.***

-Щиб жо лъун бугеб? Муфтияталъ кьогӀаги лъун гьечӀищ гьанисан Московалде?

***- Гьадаб цо чакар-чайги бикьуларищ, яц, жалго хӀакимлъуде рищизе бокьарал гӀемерисез. Цо-цояз гӀарцалги кьола. Голос рикӀкӀун кӀикъоялда анцӀго, нусго тумен.***

***Гьединабго жо рагӀула гьай керентурадицаги гьабулеб.***

-Гьедин абеха, чӀере, жо лъун бугин, кьо лъун бугин чӀучӀу бицинчӀого. Батила дуе СиратӀалъул кьо лъун!

***Дида гьеб хабар нолъго бицун букӀана росдал будун Бадрудин хӀажица. Гьелъие агитаци гьабизе рагӀиги бахъана дихъа. Исламалъе гӀоло щивав бусурбанчи хвезе ккелилан цо жал ччухӀулевги вукӀана. ПалхӀасил, Муптиясул лъадуца Россиялъул ханлъуде кандидатура лъун буго.***

Квешаб хабар щай гьеб букӀунеб, кигӀанги хинаб, халкъалъе пайдаяб хабар буго.

Гьудуй къватӀулъа жо, я ботӀрода кӀаз къаларей,я гьумер –кӀал бахчараб партал ретӀунарей капурчӀужу Кесени Сабачкадаса къураб жо щиб нилъер меседил горо гӀадай Горянка ГӀайна-ПатӀимат Гамзатовалъул? Гарамотни ясги йиго кигӀанги, хъвадарухъанги рагӀула.

Гьадингоги Ханзабазул наслуялъул гӀаданги дай. Хузахъ тӀалъиялдаса.

***- Муптиясда ракӀ гурхӀун бугоха, яц. Иццул лъимгӀанги тӀокӀкӀарав дав лъица хьихьилев, нагагь хӀукуматалъ лъади лъикӀаб хъулухъалде эхеде цӀан ани? Гьадингоги хӀалакълъун холев чи. ЦӀуяб жоялъе хӀакимлъигӀаги щай?***

-ШаригӀаталъ ункъо ячине ихтияр кьун бугин, дуца ургъел гьабизе ккараб суал гурин, жея рокъое ая мун, дурго къайбухӀадие къадеквен гьабизе.

***- Лъил бакӀалдегӀаги дой,БатӀи йитӀулей аз?***

-Путинил бакӀихъ йикӀинеха. Перезидентлъун. Индира Ганди гӀадай гӀаданха, чӀере. Медведев Димал бакӀалде Муптиги вищани,полный расчет ккола.. Нахулъ бецӀцӀунеб букӀинаан наканиц-то Дагъистан.

***-Нилъер гьаркьазда бараб жо букӀинадай, БатӀи?***

-Кутакалдаха, Халун-кӀодо. Всенародное добровольно-вынужденное голосование букӀине буго.

***-Гьей Гамзатовалъ гарамниги жо кьеладай голосазухъ?***

-Гарамги кьезе гьечӀо,кьуниги босизеги бегьилищ чӀере. Исламалъе гьабулеб кӀудияб ишалъухъ.

КъатӀра иман гьечӀо дулъ хутӀун, Халун кӀодо. Ххазабе росасухъ. Сордо нахъа букӀинги кӀочонге.

***-Ана батани. Жакъа дир цӀурахинкӀал дасие щвани,къаси дасги бакула дида цӀа.***

***Кинал рищиял, кинал голосал, гьечӀо магӀарул чӀужугӀаданалъе рос гӀадаб жо!***



# Араб соналъул лахIзатал











**Редакциялъул коллективалъ ракI-ракIалъ баркулеб буго нижерго фотомухбир Шамил МуртазагIалиевасда гьев гьавураб къо. Сахлъи, рохел, халатаб гIумру дуе, Коллега!**





















БетIерав редактор ГI. ГIумаханов